

Kisa pou w fè pou Kantite Globil Blan ki Ba nan San

Netwopeni se lè w gen yon kantite ba netwofil (ki se yon tip globil blan nan san). Netwofil ede pwoteje w kont mikwòb ak evite vin malad. Si w gen netwopeni, ou ka gen plis risk pou enfeksyon.



Ki sa ki lakòz netwopeni?

Kantite globil blan ki ba nan san ka koze pa kansè, tretman kansè, oswa yon bagay ki pa gen rapò ak kansè. Kèk kòz komen enkli:

- Kansè ki afekte mwèl zo a, tankou lesemi, lenfom, ak myelom miltip
- Tretman kansè, tankou chimyoterapi, terapi medikaman sibler, ak transplantasyon mwèl zo oswa selil souch
- Maladi ki afekte mwèl zo a
- Anpil tip enfeksyon, tankou COVID-19, viris Epstein-Barr, VIH, ak epatit
- Kondisyon iminitè, tankou atrit rimatoyid oswa lupus
- Pwoblèm nitrisyon, ki gen ladan nivo ki ba nan vitamin b12, kwiv, oswa folat



Kijan yo trete netwopeni?

Jere netwopeni depann de kòz la. Si chimyoterapi oswa lòt tretman ap lakòz kantite globil blan ki ba nan san, ekip swen kansè w ka bese dòz la oswa chanje oswa retade tretman an jiskaske kò ou refè. Si w gen siy yon enfeksyon ak yon kantite netwofil ki ba, ekip swen kansè w ta ka kòmanse tretman anvan yo konnen ki sa ki lakòz enfeksyon an.

- Antibiyotik, antiviral, ak medikaman antifonjik yo souvan administre lè yon moun gen yon kantite globil blan ki ba epi li gen lafyèv.
- Faktè kwasans yo se medikaman ki ede mwèl zo a fè plis globil blan nan san an. Yo rele yo tou faktè estimilan koloni granilosit (G-CSFs). Yo anjeneral administre yo tankou yon piki.



Kisa w ka fè pou ede w jere netwopeni?

Si w pa gen ase globil blan, gen bagay ou ka fè pou ede pwoteje tèt ou kont enfeksyon.

- Lave men w souvan. Si ou pa gen dlo pwòp k ap koule, sèvi ak dezenfektan men oswa ti sèvyèt men.
- Pran yon douch oswa beny chak jou.
- Sèvi ak yon losyon san sant pou ede anpeche sechrès.
- Mete gan pwoteksyon si w ap itilize zouti byen file.
- Kenbe nenpòt kote ki koupe oswa blesi pwòp epi sèk.
- Pran swen bouch ou: Bwose dan w omwen de fwa pa jou. Fè egzamen dan chak 6 mwa.
- Pa pataje bwòs dan, fouchèt, kiyè, vè, oswa chalimo.
- Mande ekip swen kansè w ki vaksen ou ta dwe pran epi kilè.

Evite sous komen enfeksyon yo.

- Eseye pa kite animal domestik ou yo niche figi w. Lave nenpòt pati po w ki gen saliv sou li.
- Evite gwo foul moun ak moun ki malad. Mete yon mask si w ap soti.
- Rete lwen zòn kote pousyè tè a ap soufle nan lè a, tankou sit konstriksyon.

Mete an pratik konsèy sou sekirite alimantè.

- Kwit vyann yo nan yon bon tanperati.
- Lave tout fwi ak legim fre yo.
- Evite bifè oswa estasyon manje kote pou sèvi pwòp tèt ou.
- Pa manje manje ki ekspire oswa manje ki gen sant etranj.
- Pa manje manje ki kri oswa ki pa pasterize, tankou lèt, fwomaj, yogout, ak ji fwi ak legim.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Netwopeni an li menm pa lakòz okenn siy oswa sentòm. Men, ou dwe siveye enfeksyon. Pale ak ekip swen kansè w imedyatman si ou gen nenpòt siy oswa sentòm yon enfeksyon. Sa yo enkli:

- Lafyè
- Frison oswa transpirasyon
- Batman kè rapid
- Pwoblèm pou respire oswa tous
- Vètij oswa toudisman
- Iritasyon po, woujè, anfleman, oswa blesi sou po w (sitou tou pre pati jenital ou yo, rektòm, oswa ozalantou yon katetè, tib, oswa dren)
- Pij oswa sekresyon jòn k ap soti nan yon blesi, dren, oswa katetè
- Doulè oswa anfleman nan jwenti w oswa zo w
- Doulè, anfleman, oswa blesi nan jansiv ou, bouch ou, oswa gòj ou
- Doulè nan abdomen (vant) ou oswa rektòm
- Doulè oswa sansasyon brile lè w ap pipi
- Doulè nan gòj
- Blesi oswa tach blanch nan bouch ou oswa sou lang ou



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.



Lè pou rele 911 oswa ale nan ijans

Rele 911 oswa ale nan ijans si ou gen:

- Nouvo oswa konfizyon ki vin pi mal
- Doulè nan pwatrin
- Pwoblèm pou respire, menm nan repo
- Pa ka leve nan kabann ou pou plis pase 24 èdtan
- Pa pipi oswa sèlman pipi yon ti kras kantite ki koulè zoranj fonsè oswa mawon